


# Lèt pou lafanmi

Chè elèv ak fanmi elèv la,

Pwochen chapit matematik nou an ap kontinye ak ide regilarite a pou n etidye regilarite nan faktè, miltip, fraksyon, desimal, ak nonm negatif yo – nonm ou itilize chak jou yo.

Ou pral kòmanse pa imajine w nan travay nan yon faktori ki itilize aparèy pou ralonje bagay tankou chiklèt, fisèl epi espageti dapre nonm ki parèt sou devan aparèy la. Pa egzanp, si w vle yon moso reglis vin senk fwa pi long pase longè li te ye anvan, ou ka sèvi ak yon aparèy  $\times 5$ . Ou ka ranplase kèk aparèy ak aparèy ou konekte youn ak lòt pou montre *pè faktè* yon nonm. Pa egzanp, olye pou sèvi ak yon aparèy  $\times 10$ , ou ka konekte de aparèy youn ak lòt. Premye a se yon aparèy  $\times 2$ . Èske w ka devinen kisa dezyèm aparèy lan ye ?



Gen anpil regilarite nimerik nan fraksyon ak nan desimal. Men yon regilarite prezante nan fraksyon ki gen menm denominatè. Eseye predi ki nonm ki dwe ale nan pwochen kolòn lan.

<b>Fraksyon</b>	$\frac{1}{5}$	$\frac{2}{5}$	$\frac{3}{5}$	$\frac{4}{5}$	$\frac{5}{5}$	$\frac{6}{5}$	$\frac{7}{5}$	?
<b>Desimal</b>	0,2	0,4	0,6	0,8	1,0	1,2	1,4	?

Si w konnen regilarite ak desimal ki ekivalan fraksyon òdinè sa yo, li pral pi fasil pou w fè kalkil ak fraksyon epi ak desimal.

**Vokabilè** Chapit sa a entwodwi anpil tèms ki ka mo nouvo pou ou menm. Men enpe nan yo :

valè absoli  
nonm konpoze  
fraksyon ekivalan  
ekspozan  
faktè

pi gran faktè komen  
pi piti miltip komen  
nonm fraksyonè  
premye ant yo menm  
fraksyon desimal peryodik

faktè premye  
nonm premye  
miltip  
opoze

## Kisa w ka fè lakay ?

Gen fraksyon ak desimal tout kote. Mande elèv ou an pou li make kantite fason fraksyon ak desimal (apade nan lajan) sèvi nan lavi l toulejou.